

**Monkeypox se yon enfeksyon ki ra.** Yo rapòte yon kantite ka ki ap ogmante nan peyi Etazini, Kanada ak Ewòp—zòn kote yo pa jwenn li anjeneral. Men sa ou ta dwe konnen:

**Monkeypox ka fè ou malad.** Li lakòz yon gratèl oswa maleng (pox). Li kapab fè ou santi ou tankou ou gen grip la tou.

- ▶ Sentòm grip yo ka gen ladan yo:
  - Lafyè
  - Tèt fè mal
  - Doulè nan misk ak doulè nan do
  - Glann anfle
  - Frison
  - Fatig
- ▶ Yon gratèl oswa maleng ka sou men, pye, pwatrin, figi, grenn, oswa andedan oswa sou bouch, vajen, ak dèyè.
- ▶ Maleng yo pral pase plizyè etap anvan yo geri. Sa a ka pran plizyè semèn.

**Monkeypox se yon enfeksyon ki ra.** Yo rapòte yon kantite ka ki ap ogmante nan peyi Etazini, Kanada ak Ewòp—zòn kote yo pa jwenn li anjeneral. Men sa ou ta dwe konnen:

**Monkeypox ka fè ou malad.** Li lakòz yon gratèl oswa maleng (pox). Li kapab fè ou santi ou tankou ou gen grip la tou.

- ▶ Sentòm grip yo ka gen ladan yo:
  - Lafyè
  - Tèt fè mal
  - Doulè nan misk ak doulè nan do
  - Glann anfle
  - Frison
  - Fatig
- ▶ Yon gratèl oswa maleng ka sou men, pye, pwatrin, figi, grenn, oswa andedan oswa sou bouch, vajen, ak dèyè.
- ▶ Maleng yo pral pase plizyè etap anvan yo geri. Sa a ka pran plizyè semèn.

## Ki jan monkeypox pwopaje?

Atravè kontak sere, pèsonèl oswa po-a-po ak yon moun ki gen monkeypox, tankou:

- ▶ Gratèl yo, maleng, oswa kal
- ▶ Objè, twal, ak sifas yo manyen
- ▶ Ti gout respiratwa yo oswa saliv

Sa ka rive pandan:

- ▶ Akolad, bo, manyen, masaj
- ▶ Kolesere, kontak seksyèl
- ▶ Kontak fas-a-fas pwolonje

Moun ki ansent ka gaye viris la nan fetis yo pandan gwosès la.

## Ki jan monkeypox pwopaje?

Atravè kontak sere, pèsonèl oswa po-a-po ak yon moun ki gen monkeypox, tankou:

- ▶ Gratèl yo, maleng, oswa kal
- ▶ Objè, twal, ak sifas yo manyen
- ▶ Ti gout respiratwa yo oswa saliv

Sa ka rive pandan:

- ▶ Akolad, bo, manyen, masaj
- ▶ Kolesere, kontak seksyèl
- ▶ Kontak fas-a-fas pwolonje


Moun ki ansent ka gaye viris la nan fetis yo pandan gwosès la.

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon nouvo gratèl, maleng, oswa lòt sentòm?

- ▶ Rele founisè swen sante w la
- ▶ Si ou pa gen yon founisè oswa asirans sante, vizite <https://health.maryland.gov/CSTIP/local> pou jwenn yon departman sante toupre ou

## Pou plis enfòmasyon

Eskane kòd sa a oswa vizite [health.maryland.gov/monkeypox](https://health.maryland.gov/monkeypox)



Dènye revizyon dokiman sa a te 17 dawout 2022. Yo mete dokiman sa a ajou sèlman lè yo fè revizyon ki enpòtan.


Depatman Sante Maryland  
<https://health.maryland.gov>

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon nouvo gratèl, maleng, oswa lòt sentòm?

- ▶ Rele founisè swen sante w la
- ▶ Si ou pa gen yon founisè oswa asirans sante, vizite <https://health.maryland.gov/CSTIP/local> pou jwenn yon departman sante toupre ou

## Pou plis enfòmasyon

Eskane kòd sa a oswa vizite [health.maryland.gov/monkeypox](https://health.maryland.gov/monkeypox)



Dènye revizyon dokiman sa a te 17 dawout 2022. Yo mete dokiman sa a ajou sèlman lè yo fè revizyon ki enpòtan.

Depatman Sante Maryland  
<https://health.maryland.gov>